

IJAMBO RYA NYENICUBAHIRO PETERO NKURUNZIZA UMUKURU W'IGIHUGU C'UBURUNDI

(traduction non-officielle à partir de la page 5)

Bujumbura, igenekerezo rya 02 Munyonyo 2015

Barundi,
Ncuti z'Uburundi,

Barundikazi,

1. Tubanje gushimira Imana Mushoboravyose yo yatuzigamye gushika uyu musu, tukayisaba kwama hafi yacu mw'irangurwa ry'imigambi twategokanije ngo igihugu cacu gitere kija imbere.

2. Kw'igenekerezo rya 20 Myandagaro uyu mwaka w'2015, aho twashikira amabanga yo kurongora igihugu muri iyi myaka itanu iri imbere, twiyemeje icese ko amahoro n'umutekano bizoba vyasagaye mu Burundi mu kiringo c'amezi abiri.

3. Kw'igenekerezo rya 24 Nyakanga 2015, harasohotse itegeko ry'Umukuru w'Igihugu risaba zina muntu wese aba mu Burundi atunze ibirwanisho atabifitiye uruhusha kubishikiriza ku gushaka kwiwe inzego zijewe umutekano mu kiringo kitarenze ukwezi. Ico kiringo rero caraye kirangiye. Aho kwari ukwerekana umutima w'impuhwe Leta ifitiye abo bafise ivyo birwanisho ngo babisubize ata bihano birinze gufatwa.

4. Twashaka gutangaza icese yuko ikiringo c'ukwezi cari gikwiriye. Turashimiye cane abo bose bategereye ko gutunga ibirwanisho utabirekuriwe n'amategoko bihanwa, maze bagaheza bakigira inama yo kubisubiza badahigimanga. Turabashimiye ko bumviye akamo twabateye.

5. Abajewe umutekano nabo nyene barakomeje gusaka barondera ibirwanisho bitunzwe n'atabifitiye uruhusha. Muri ivyo bikorwa, harafashwe ibirwanisho n'ibindi bikorwa bigenewe inzego zijewe umutekano no kwivuna abansi, tutibagiye n'imiti hamwe n'ibiyayuramutwe vyakoreshwa n'abo bagizi ba nabi. Inyuma y'amezi abiri arangiye twiyemeje kugarukana umutekano mu gihugu, na cane cane mu gisara ca Bujumbura, igikorwa inzego zijewe umutekano zahawe carangutse ku rugero rushimishije rw'ibice mirongo icenda na bibiri kw'ijana (92%).

6. Twihweje neza rero ivyo vyashubijwe n'ivyafatanywe inkosi z'ibibi, biri mu mice indwi :

- ▶ Ivyavuye hanze y'igihugu bizanywe n'imirwi y'inkosi z'ibibi mu bihugu duhana imbibe bimwe bimwe ; ni navyo vyinshi.
- ▶ Ivyari vyarahawe abahoze mu nzego z'umutekano kera.
- ▶ Ivyari vyahawe bamwe bamwe mu banyagihugu ngo bikingire mu gihe c'intambara.
- ▶ Ivyasahuwe mu bubiko bw'igipolisi mu gihe haba kugaregeza guseniyura ubutegetsi kw'igenekerezo rya 13 Rusama 2015.
- ▶ Ivyatwawe na bamwe bamwe bataye umurongo mu nzego z'umutekano bakabitorokana.
- ▶ Ivyatswe uturwi tw'abasuma n'abicanyi.
- ▶ Ivyavuye ahantu hafi y'imirwi y'ahora igwana.

7. Turakengurukiye abajewe umutekano n'igisirikare berekanye ubuhinga n'ubutwari budasanzwe mu gusaka no gufata ibirwanisho binyegejwe mu banyagihugu, tukaba tubakeje. Ni bakomere ku muheto.

8. Gushika mu mpera y'uku kwezi kwa Gitugutu, inyuma y'amezi abiri twatanze, hamaze gufatwa inkoho 139, ibisasu biturika 151, amasasu 7151, hamwe n'ibikono vy'amasasu 151.

9. Kuva umwaka utanguye gushika mu mpera z'ukwezi kwa Gitugutu, wa murwi ujejwe gukura ibirwanisho mu minwe yababitunze batabifitiye uruhusha nawo umaze kwegeranya inkoho 424, ibisasu biturika 341, amasasu 12.455, ibikono vy'amasasu 416.

Barundi,
Ncuti z'Uburundi,

Barundikazi,

10. Dusozero umwaka w'2014 no mu ntango y'umwaka w'2015, ku mbibe z'Uburundi na Kongo, aho haba igitero c'abitwaje ibirwanisho caburijwemwo mu ntara ya Cibitoke, haciye hibonekeza umutekano muke mu duce tumwe tumwe two mu gisagara ca Bujumbura. Aha twokwibutsa umugumuko wabaye itariki 8 Ntwarante 2014 mu gisagara ca Bujumbura aho urwaruka rwo mu mugambwe MSD rwatana mu mitwe n'abajejwe umutekano, mbere bamwe mu bajejwe umutekano bagakomereka, bakagirwa imbohe, abandi bakakwa bimwe mu bikoresho vyabo vy'akazi.

11. Habandanije kuba umutekano muke, na cane cane mu gisagara ca Bujumbura aho mu mpera z'ukwezi kwa kane bamwe mu makaritiye amwe amwe bagiye mu myiyerekano yahavuye ihinduka imigumuko ikomeye aho hibonekeje ubugizi bwa nabi bukabije. Aha twovuga nko kuzibira amabarabara, guturira ibintu mu mabarabara, guturira imiduga n'amazu, mbere hadukamwo n'ubwicanyi bukabije aho abantu bicwa baturawe, n'abandi bishwe n'ibigwanisho bicira umuriro.

12. Iyo migumuko yari ifise intumbero yo gutembagaza ubutegetsu bwitwewe n'abenegihugu no kuburizamwo amatora y'uno mwaka, harimwo gutera abatwawe ibikoresho vy'amatora canke utuzu tw'amatora, kugira hagarukanwe intwari z'agacinyizo n'akajagari twasezereye. Bibataye ku wamazi, baciye bafata ingendo igayitse yo guhungabanya umutekano mu kurasa no gutera ibisasu biturika ku bajejwe umutekano n'abasirikare bari ku mirimo yabo ya misi yose yo guhagararira amahoro n'umutekano bakorera mu makaritiye yaberamwo imigumuko.

13. Hakurikiye ikindi gitero c'abitwaje ibigwanisho caburijwemwo mu kwezi kwa Mukakaro uyu mwaka i Kabarore mu ntara ya Kayanza, n'i Bukinanyana mu ntara ya Cibitoke, aho abagavye ico gitero bafatiye ku rubibe Uburundi buhana n'igihugu kibanyi c'u Rwanda.

14. Ivyo bitero kandi vyarakorewe n'abanyagihugu ataco bazira bibereye ku mirimo yabo ya minsi yose canke aho bakoraniye haba mu bunywero n'ahandi, aho mbere batibanga n'abakozi b'Imana nkuko vyabaye mu Kamenge, mu za Ruyigi n'ahandi.

15. Turashimira inzego z'umutekano kuko naho bimeze uko, abatari bake muri abo babisha barafatwa abandi bagateshwa, bagashengezwa imbere y'ubutungane.

16. Abagira ubwo bubisha turabakebuye ko boheba iyo ngendo idashika kuko ababatuma babata mu rudubi, nta n'uwubemanga ariho, kandi nta na kimwe muzoshikako, ni uguta umwanya no kwonona kazoza kanyu. Izo nguvu muriko murapfisha ubusa, zo gusambura, muzizane nyabuna twubake igihugu cacu.

17. Kubw'ivyo, Leta umuyeyi wa bose ibahaye iminsi itanu, kuva uyu munsu itariki 2 gushika itariki 7 z'uku kwezi kwa Munyonyo, yo guheba no kuva muri ubwo bubisha, muzokwakirwa n'abajejwe intwari n'umutekano, mwigishwe gukunda igihugu indwi zibiri, muce musubizwa mu banyu. Abatazita akamo tubateye gushika itariki 7 Munyonyo 2015 bazoca bafatwa nk'inkozi z'ibibi bahanwe n'amategeko arwanya iterabwoba, kandi barwanywe nk'abansi b'igihugu, abafashwe nabo bacibwe imanza ikibiriraho.

18. Ni akamo kanyuma tubateye, mubihebe bicitwa vuba ku neza yanyu. Atari uko muzosigara mwicuza ico mwabigiriyemwo. Mumenye neza ko umuhanuzi mubi angana umurozi, kandi ko uwutema urwiwe bamutiza umuhoro.

19. Twisunze akamo twatwe n'amakungu, ubutungane bwarakoze amatohoza kuri ubwo bubisha n'ivyo bitero. Ivyegeranyo vyarasohotse vyerekana abagize uruhara mu nteguro n'ishirwa mu ngiro y'ivyo migambi igayitse.

20. Turahojeje abo bose bahekuwe n'ubwo bubisha buhitiye, abavyeyi, abavukanyi, incuti, abapfakazi n'impfuyi baburiye ababo n'ivyabo muri icyo migumuko, ubwo bwicanyi n'ivyo bitero ; twongera tugabisha abagize ububisha ubuhizi, ko bitebe bitebuke intahe izobakubita mu gahanga aho bari hose.

Barundi,
Ncuti z'Uburundi

Barundikazi,

21. Kubera ubwo bugizi bwa nabi bwibonekeje hirya no hino mu gisagara ca Bujumbura, Inzego zijejwe umutekano zarasabwe gusubiza ibintu mu buryo. Izo nzego nazo zikaba zarafashe ingingo zibereye zatumye ubwo bugizi bwa nabi bugabanuka ku rugero rushimishije. Aha twovuga nko kugarukana uruja n'uruza mu ma karitiye yari yarazibiwe n'abagira imigumuko, gutsimbataza amakomite y'umutekano ahuriyemwo bose, kwaka ibirwanisho ababitunze batabifitiye uruhusha no kwegeranya ibirwanisho bishubijwe ku gushaka canke bifashwe ku nguvu.

22. N'aho hasubijwe hakongerwa hagafatwa ibirwanisho bitari bike, haracibonekeza abantu batitabiriye akamo twabateye, bagahishirira inkazi z'ibibi zagariye zikaguma zigerageza guhungabanya umutekano hamwe hamwe mu gihugu. Dushimiye abajejwe umutekano, intwro n'abenegihugu ko abagerageje kuja hagati mu gihugu batujijwe bagafatwa bose n'ibirwanisho bari bafise.

23. Dusavye abenegihugu gutegera ko gukingira ikibaba no gufata mu mugongo mwene abo babisha ari ugukwegera umucanwa mu bushambara. Tubasavye kudoma urutokye kuri izo nkozi z'ikibi bicitwa vuba aho zinyegeje hose, nakare ngo ubika umurozi bwaca akakumarira abawe.

24. Turasavye kandi ibi bikurikira :

→ Ubwa mbere : Abajejwe intwro, tubasavye gusuzuma ingenzi n'uruja n'uruza rw'abantu mu turere baherereyemwo bakoresheje ca gitabu kigenewe ingenzi ku muni ku muni, cane cane mu gisagara ca Bujumbura. Tubasavye kandi kugendera kenshi abo barongoye babashikirize ubutumwa bw'ihumure, bongere babararikire gutsimbataza amahoro n'umutekano, biciye mu matangazo no mu bimenyeshamakuru.

→ Ubwa Kabiri : Abajejwe umutekano, tubasavye guhera ubu gukora ibishoboka vyose kugira ibirwanisho bisigaye mu minwe yababitunze batabifitiye uruhusha bavyakwe kandi bongere bafatwe bashengezwe imbere y'ubutungane. Tubasavye gukoresha ubuhinga bwose mwize mu kurangura icyo gikorwa. Vyongeye, mukoreshe uburenganzira bwose murekurirwa n'amabwirizwa n'amategeko abagenga mu vyo kubungabunga no kugarukana umutekano. Guhera ubu muhawe uburenganzira bwo gukoresha ibikorwa mwahawe bibafasha gutora aho hose havugwa ibigwanisho gushika umutekano ugaruke. icyo gikorwa gitegurwe neza maze gitangure igenekerezo rya 8 Munyonyo 2015.

→ Ubwa gatatu : Abajejwe intwro, abajejwe umutekano, abagize ama Komite y'umutekano n'abenegihugu, twese duhamagariye kuvira hasi rimwe kugira uturwi tw'abicanyi dutuzwe, twakwe ibirwanisho dufise mu nzira zose zishoboka, bitarenze uku kwezi kwa Munyonyo, cane cane ngaha mu gisagara ca Bujumbura.

→ Ubwa kane : Twisunze ingingo zapfunditswe n'inama nkuru y'igihugu ijewe umutekano ; tukisunga ivyiyumviro abanyagiguhu bashikirije mu manama twagiye turagirisha ; twisunze kandi ivyiyumviro vyashikirijwe n'abajejwe umutekano n'abasirikare ubwabo ; Ubushikiranganji bw'umutekano busabwe gushiraho vuba na bwango ibwirizwa rihasha ibikorwa vy'iterabwoba, nkuko vyakozwe mu bihugu habaye bene ubu bwicanyi n'ububisha, ribe ryabonetse imbere yuko uku kwezi kwa Munyonyo guhera. Inzego z'inama nshingamateka na nkenguzamateka zizoca zirikorera kugira bidufashe gutuza ubwo bugizi bwa nabi n'ubwicanyi.

→ Ubwa gatanu : Abajejwe ubutungane nabo, tubasavye gucira imanza ikibiriraho abafatanywe ibirwanisho n'abafashwe bari mu mirwi y'inkazi z'ibibi n'abicanyi.

→ Ubwa gatandatu : Gufata ingingo zo guhagarika ibikorwa vy'amashirahamwe itohoza ryerekanye ko afise uruhara mu bwicanyi no gusahura ibirwanisho vy'igihugu, vyajanye n'imigumuko n'igeragezwa ryo gutembagaza ubutegetsu.

→ Ubw'indwi : Gucira imanza vyihuta abafashwe bagirizwa ubwicanyi bwafatanye n'imigumuko yo gutembagaza ubutegetsu. Abera bere, abagiriwe n'ivyaha imanza zabo zicike vuba.

→ Ubw'umunani : Dusavye ibihugu vyakiriye abo ubutungane bwerekanye muri iryo tohoza kubafata bacibwe imanza aho bari canke babarungikire ubutungane bw'Uburundi.

25. Turasavye kandi dushimitse, ko ata muntu n'umwe, yaba Umurundi canke Umunyamahanga, yofata mu mugongo izo nkozi z'ikibi. Ku kaba nkako, biramaze kugaragara ko imirwi y'iterabwoba igoye kurwanya iyo yamaze kugajura. Ni co gituma dusavye Abarundi n'amakungu boba bafasha canke biyumvira gufasha abo babisha mu buryo ubwo ari bwo bwose, ngo bikubite agashi babihagarike.

Barundi,
Ncuti z'Uburundi ;

Barundikazi,

26. Turasavye Abarundi ngo bitegurire ibiganiro bibahuza bigiye kubera mu gihugu cose, baje inama n'ingingo maze amakungu asubire kudutangarira. Iragi twarazwe na basokuruza hamwe n'intwari nka Ntare Rugamba, Mwezi Gisabo, Rwagasore na Ndadaye, bikomeze kutubera akarorero, n'umusurusuru wo gukomeza igihugu cacu, aribwo Burundi bwacu.

27. Imbere yo kurangiza, twashaka gushimira wa murwi w'igihugu ujejwe kwaka ibirwanisho ababifise batabifitiye uruhusha, CNAP, ku gikorwa gihimbaye bamaze kurangura. Ni bakomere ku muheto, Leta irabashigikiye.

28. Turashimiye kandi Inama y'igihugu ijejwe umutekano ukuntu bamaze iminsi bari mw'isekeza ryo kwigisha abatowe bashasha hamwe n'abanyagihugu inyigisho zo gukunda igihugu no gutsimbataza umutekano, babicishije muri ya makomite y'umutekano ari mwo bese, ndetse n'inyigisho zo gukunda igihugu. Biragaragara ko umutekano w'igihugu wiyongereye, kuko abashaka kuwuhungabanya badatera intambwe. Tubasavye kubandanya iryo sekeza, bafadikaniye n'abajejwe intwari, ubutungane, n'abenegihugu.

29. Mu kurangiza, turateye akamo Abarundi benewacu ngo bakunde igihugu cabibarutse, bime amatwi ba sesankuyozwe, bategere ko uwutema urwiwe bamutiza umuhoro. Maze twese ata numwe avuyemwo, twubake igihugu cacu, dutegurire kazoza keza abana, abuzukuru n'abuzukuruza bacu.

30. Inganji twaronse tuyikesha abenegihugu, ariko n'incuti z'Uburundi zarabigizemwo uruhara. Uwuzokwitambika imbere yayo azohura n'Imana. Vyongeye, mu ruririmbo ruhayagiza igihugu cacu c'Uburundi, twama turirimba ku muni ku muni, handitse ngo "Imana yakuduhaye ikudutungire".

31. Dushize rero mu maboko y'Imana abajejwe umutekano, abasirikare, abajejwe igendereza, abajejwe intwari, abajejwe ubutungane, za Komite z'umutekano zihurikiyemwo bese, n'abarundi bese, ngo ibarongore muri kino gikorwa tubahamagariye co gusozera kugarukana umutekano muri kuno kwezi kwa Munyonyo.

32. Imana ibarongore kandi ibashoboze, maze abarundi tuzere umwaka turi mu mahoro n'umutekano mu gihugu cose, na cane cane mu gisagara ca Bujumbura.

33. Muri iki gihe turiko turasozera umwaka, turateye akamo inzego zo kwivuna abansi n'izumutekano ngo bame barikanuye, bacungere imbibe z'igihugu bikomeye ntihagire abagerageza gushaka kudutobera nkuko vyabaye mu mwaka uheze, maze abenegihugu basozere umwaka mu mutekano no mu munezero nta ngere ata nkomanzi.

34. Twame tuzirikana ko ata muntu n'umwe azoza akunda Uburundi kurusha Abarundi benebwo, hamwe n'Imana yaburemye.

IMANA
MURAKOZE

IHEZAGIRE

UBURUNDI

N'ABARUNDI

<http://www.presidence.gov.bi/spip.php?article5744>

Traduction non-officielle

Chers compatriotes
Amis du Burundi

1. Nous commençons d'abord par remercier Dieu Tout Puissant qui nous a protégé jusqu'aujourd'hui, et nous lui demandons d'être toujours à nos côtés dans la mise en œuvre de nos projets pour le développement de notre pays.
2. En date du 20 août de cette année 2015, lors des cérémonies de notre investiture pour diriger ce pays pour les 5 ans à venir, nous nous sommes donné un objectif de rétablir la paix et la sécurité dans tout le pays dans un délai de 2 mois.
3. En date du 24 septembre 2015, est sortie un décret présidentiel demandant toute personne résidant au Burundi qui posséderait des armes de les remettre volontairement aux forces de l'ordre dans un délais ne dépassant pas un mois. Ce délai vient de s'achever. C'était pour montrer la clémence de du gouvernement envers ses citoyens qui possèdent des armes sans en avoir le droit afin qu'ils puissent les remettre sans toutefois être poursuivis.
4. Nous voudrions déclarer solennellement que le délais d'un mois était largement suffisant. Nous remercions tous ceux qui ont compris que détenir les armes illégalement est punissable par la loi, et qui ont décidé de les remettre volontairement. Nous les remercions d'avoir entendu notre voix.
5. Les forces de l'ordre ont également continué à effectuer des fouilles perquisitions auprès des citoyens qui n'ont pas le droit de posséder des armes. Dans ce travail, ils ont saisi des armes et autre matériel destiné aux forces de sécurité et de l'ordre, sans oublier les médicaments et des stupéfiants qu'utilisaient ces malfaiteurs. Après les deux mois que nous nous sommes donnés pour rétablir l'ordre et la sécurité dans le pays et surtout dans la ville de Bujumbura, le travail donné aux forces de l'ordre et de sécurité a été effectué d'une façon satisfaisante jusqu'à 92%.
6. Si nous analysons toutes les armes qui ont été remises volontairement ou saisies, nous pouvons les classer en 7 catégories:
 - Celles qui viennent de l'extérieur du pays amenées par les malfaiteurs en provenance de certains pays limitrophes, et ceux en grande quantité;
 - Celles qui avaient été données aux forces de sécurité dans le temps;
 - Celles fournies à certains citoyens pour se protéger en période de guerre;
 - Celles qui ont été volées dans le stock de la police lors de la tentative de coup d'état du 13 mai 2015 ;
 - Celles qui ont été volées par certains éléments des forces de sécurité qui ont déserté;
 - Celles détenues par les voleurs et d'autres malfaiteurs;
 - Celles en provenance des lieux où étaient les anciens groupes rebelles.
7. Nous remercions les forces de l'ordre et les forces de sécurité pour leur professionnalisme et leur bravoure utilisés dans la fouille perquisition des armes cachées dans la population, nous les félicitons et les encourageons.

8. Jusqu'à la fin du mois d'octobre, après les deux mois que nous nous étions fixés, il a été saisi: 139 fusils, 151 explosifs, 7151 cartouches et 151 chargeurs.
9. Depuis le début de l'année 2015 jusqu'à la fin du mois d'octobre 2015, la Commission Nationale Permanente de lutte contre la Prolifération des armes légères et de petit Calibre a déjà rassemblé 424 fusil, 341 explosifs, 12.455 cartouches et 416 chargeurs.

Chers compatriotes,
Amis du Burundi,

10. Vers la fin de l'année 2014 et en début d'année 2015, depuis l'attaque manquée à la frontière entre le Burundi et la RDC en province de Cibitoke, l'insécurité a commencé à se manifester dans certains coins de la municipalité de Bujumbura. Nous nous souviendrons du mouvement insurrectionnel, en date du 8 mars 2015, des jeunes de MSD qui se sont confrontés avec les forces de l'ordre jusqu'à blesser et même prendre en otage certains éléments des forces de l'ordre, et dérober aux forces de l'ordre une partie de leur matériel de travail de tous les jours.
11. L'insécurité a continué à se manifester surtout dans la ville de Bujumbura et vers la fin du mois d'avril, certains habitants de certains quartiers ont commencé à faire des manifestations qui ont fini par se transformer en insurrections fortes, où on a observé des actes de violence sans nom. On citerait par exemple des barricades des routes, incendier des maisons, des véhicules et des biens, des tueries avec des personnes brûlées vives et d'autres tuées en utilisant des armes à feu.
12. Ces insurrections avaient pour but le renversement des institutions démocratiquement élues, et empêcher la tenue des élections de cette année, en attaquant ceux qui transportaient le matériel électoral et les isolements, afin de faire renaître les pouvoirs dictatoriaux et d'anarchie que nous avons déjà dépassés. Après avoir échoué, ils ont pris la décision de jeter des grenades sur les forces de l'ordre et de sécurité œuvrant dans les quartiers manifestateurs.
13. Par après, il y a eu l'attaque d'une bande armée au mois de juillet de cette année à Kabarore dans la commune de Kayanza, et à Bukinanyanyana dans la province de Cibitoke où ceux qui avaient fait cette attaque ont été attrapés à la frontière rwando-burundaise.
14. Ces attaques ont également été perpétrées contre des citoyens innocents qui venaient à leurs activités habituelles, dans des lieux de rassemblement comme dans les bistros et ailleurs. Elles n'ont pas épargné pas les milieux religieux comme ça vient de se passer à Kamenge, à Ruyigi et ailleurs.
15. Nous remercions les forces de l'ordre et de sécurité parce, même si la situation se présente comme ça, plusieurs parmi ces malfaiteurs ont été contraints à renoncer à leur mission, et d'autres ont arrêtés et traduits en justice.
16. Nous interpellons ces malfaiteurs pour qu'ils abandonnent ce chemin sans issue parce que ceux qui leur ont donné cette mission les trompent, et il n'y a même personne pour revendiquer ces attaques. Vous n'aboutirez à rien, sauf perdre votre temps et détruire votre avenir. Il faut mettre à contribution vos forces dans la construction de notre pays au lieu de les utiliser dans la destruction.
17. Pour ces raisons, le Gouvernement du Burundi, le parent de tous, vous donne cinq jours, à compter à partir du 2 jusqu'au 7 novembre 2015 afin de se retirer de ces actes criminels et se rendre auprès des autorités et des agents de sécurité pour recevoir une formation sur la thématique du patriotisme pendant deux semaines et regagner vos familles respectives par après. Ceux qui ne respectent pas cette consigne seront pris comme des malfaiteurs et seront jugés par la loi contre le terrorisme, ils seront combattus comme des ennemis de la Nation, et ceux qui seront attrapés seront jugés par flagrance.

18. C'est le dernier avertissement, il faut vous désolidariser dans les meilleurs délais pour votre intérêt, sinon vous allez le regretter. Souvenez-vous, en Kirundi on dit « Umuhanuzi mubi angana umurozi » ce qui se traduit «un mauvais conseiller équivaut à un tueur » et puis, « Uwutema urwiwe bamutiza umuhoro » qui se traduit «A celui qui détruit chez lui, on prête la serpe».
19. Nous référant sur les conseils prodigués par la Communauté Internationale, les instances juridiques ont fait des enquêtes sur ces attaques. Des rapports mettant en évidence les préparatifs et la mise en œuvre de ces actes ignobles sont déjà sortis.
20. Nos condoléances aux proches des victimes de ces actes: les parents, les frères et sœurs, les parentés, les veufs (veuves) et les orphelins (orphelines) qui ont perdu les leurs et leurs biens dans ces mouvements insurrectionnels, dans ces tueries et attaques. Nous mettons en garde ces malfaiteurs que tout ou tard, ils finiront par être jugés partout où ils se trouvent.

Chers compatriotes,
Amis du Burundi,

21. Suite à ces actes ignobles qui se sont observés dans la ville de Bujumbura, il a été demandé aux forces de l'ordre de redresser la situation. Les forces de l'ordre ont pris des décisions permettant de réduire considérablement la criminalité. On citerait par exemple le rétablissement de la libre circulation dans les quartiers qui étaient devenus inaccessibles suite aux actions insurrectionnelles, la composition des comités mixtes de sécurité, retirer les armes dans la population qui les détient illégalement et rassembler les armes remises volontairement ou saisies par force.
22. Même si un grand nombre d'armes a été remis ou saisi, il existe encore des citoyens qui n'ont pas répondu à notre appel, ceux qui n'ont pas voulu dénoncer les malfaiteurs qui essaient encore de semer des troubles dans certains coins du pays. Nous remercions les forces de l'ordre, les administratifs et la population burundaise qui ont travaillé ensemble pour traquer tous ceux qui ont essayé d'aller attaquer à l'intérieur du pays. Ils ont tous été attrapés et leurs armes saisies.
23. Nous invitons la population à comprendre que protéger un malfaiteur équivaut à se mettre en danger. Nous invitons la population à dénoncer ces malfaiteurs partout où ils sont, surtout que si tu protèges un malfaiteur, c'est le même malfaiteur qui détruira tous les tiens.
24. Nous demandons également ce qui suit :
 - i. Aux administratifs: de s'assurer des mouvements des personnes étrangères en utilisant tous les jours les registres des étrangers, surtout dans la ville de Bujumbura. Nous leur demandons d'organiser des rencontres régulières avec les habitants des localités dont ils assurent l'administration pour leur donner des messages de paix et les inviter à assoir la paix et la sécurité par des communiqués ou la presses.
 - ii. Aux forces de l'ordre: Travailler d'arrache-pied pour saisir toutes les armes qui sont dans les mains des gens qui les détiennent illégalement, attraper ces gens et les traduire en justice. Nous vous invitons à utiliser toute la technicité que vous avez apprise lors de ce travail. Il faut également utiliser tous les droits relatifs à votre métier de maintenir la sécurité. A partir de maintenant, vous avez le droit d'utiliser tout le matériel que vous avez reçu et qui vous aiderait à bien travailler partout où il y a des armes détenues illégalement. Il faudra bien préparer cette mission qui va commencer en date du 08 novembre 2015.
 - iii. Aux administratifs, les forces de l'ordre, les membres des comités de sécurité et la population : se coaliser pour combattre ces groupes armés partout où ils se trouvent dans un délai ne dépassant pas ce mois de novembre, et surtout dans la ville de Bujumbura.

- iv. Nous référant sur les décisions du Comité National de Sécurité, les avis donnés par la population dans différentes réunions que nous avons tenues, les avis des forces de l'ordre et les forces de sécurité elles-mêmes, il est demandé au Ministère de la Sécurité Publique d'élaborer très rapidement, avant la fin de ce mois de novembre, une loi anti-terroriste comme cela a été fait dans des pays où il y a eu des actes terroristes, pour que les deux chambres du Parlement s'y penchent. Cette loi nous permettra à éradiquer le terrorisme.
 - v. A la justice, nous demandons à ce que les personnes arrêtées en possession d'armes et celles affiliées aux mouvements des criminels soient jugées par flagrance.
 - vi. De suspendre les activités des organisations de la société civile pour lesquelles les enquêtes ont démontré qu'elles ont eu un rôle dans les tueries et dans le vols des armes du pays, avec un lien direct avec le mouvement insurrectionnel et le renversement du pouvoir.
 - vii. De juger le plus rapidement possible les personnes arrêtées accusées de meurtres en rapport avec les insurrections pour le renversement du pouvoir. Que les innocents soient libérés et que les coupables soient rapidement jugés.
 - viii. Nous demandons également aux pays qui hébergent les personnes incriminées dans cette enquête de les arrêter et les juger là où elles se trouvent ou de les extradier vers le Burundi afin que la justice soit faite.
25. Nous demandons avec insistance à tout Burundais ou à toute autre personne étrangère de ne pas soutenir ces criminels. En effet, il a été prouvé qu'il est difficile de combattre les groupes terroristes quand ils se sont déjà renforcés. C'est pour cette raison que nous demandons aux Burundais et à toute la Communauté Internationale qui soutiendraient ou qui auraient l'intention de soutenir ces terroristes de se saisir et abandonner cette entreprise.

Chers Compatriotes
Amis du Burundi,

26. Nous invitons les Burundais à se préparer aux dialogues inter burundais qui auront lieu dans tout le pays, à mettre en avant l'entente et la cohésion pour que la Communauté Internationale puisse de nouveau nous admirer. Que l'héritage que nous ont laissé nos ancêtres et celui de nos héros comme Ntare Rugamba, Mwezi Gisabo, Rwagasore et Ndadaye continue à être un modèle pour nous, pour consolider notre pays, notre Burundi.
27. Avant de terminer notre allocution, nous voudrions encore remercier la Commission Nationale Permanente de lutte contre la Prolifération des armes légères et de petit Calibre CENAP pour tout le travail louable accompli. Que la commission aille vers l'avant. Le gouvernement vous soutient.
28. Nous remercions également le Conseil National de Sécurité pour la sensibilisation en faveur des autorités nouvellement élues et de la population sur les thématiques du patriotisme et maintien de la paix, en passant par les comités de sécurité inclusifs. Il est évident que la situation sécuritaire s'est beaucoup améliorée à travers tout le pays étant donné que ceux qui veulent semer le désordre ne peuvent pas avancer. Nous demandons au Conseil National de Sécurité de continuer dans le même sens en collaboration avec les autorités, la justice et la population.
29. Pour terminer, nous lançons un appel à tous les Burundais, nos compatriotes, à aimer leur patrie, à ne pas écouter ceux qui ne pensent qu'à leurs intérêts. Tout le monde est appelé à bâtir notre pays pour préparer un meilleur avenir pour nos enfants, nos petits-enfants et nos arrière-petits-enfants.
30. C'est grâce à la population que nous sommes au pouvoir aujourd'hui, mais également, les amis du Burundi y ont contribué. Celui qui se mettra au travers de ce pouvoir rencontrera Dieu. Par ailleurs, dans l'hymne

national de notre pays le Burundi, que nous chantons tous les jours, il est écrit: "Imana yakuduhaye ikudutungire" (Que Dieu protège le pays qu'il nous a donné).

31. Nous remettons dans les mains de Dieu, les forces de l'ordre, les militaires, les agents de renseignements, les autorités, le service judiciaire, les Comités de Sécurité Inclusifs et tous les burundais pour qu'il puisse les guider dans la noble mission que nous venons de leur confier de ramener définitivement la paix et la sécurité au courant de ce mois de Novembre.
32. Que Dieu vous guide et vous donne le pouvoir nécessaire pour que, nous les burundais, clôturons l'année 2015 dans la paix et la sécurité dans tout le pays, et surtout dans la ville de Bujumbura.
33. En cette période où nous nous clôturons l'année, nous lançons un appel aux forces de sécurité et de l'ordre d'être vigilantes et nous leur demandons d'être attentives à la sécurité de nos frontières afin qu'aucun malfaiteur ne puisse perturber la sécurité dans notre pays comme cela s'est produit à la fin de l'année passée pour que la population burundaise clôture l'année dans la paix et dans la joie.
34. Ayons conscience qu'aucune autre personne n'aimera le Burundi beaucoup plus que les Burundais, et Dieu qui l'a créé.

QUE DIEU BENISSE LE BURUNDI ET LES BURUNDAIS
MERCİ